Pwogram Laptop pou Chak Elèv

Gid pou Paran fè Chwa – Akò Aparèy Distribye


Paran elèv oswa responsab elèv, ki chwazi patisipe nan pwogram laptop distribye bay chak elèv, dwe fè chwa li, lè li konplete fòm **1:1 Device Issuance Agreement** (Akò Aparèy Distribye) nan Focus Parent Portal, pou chak elèv.
*__Tanpri Note__: Pou chanje seleksyon ou, ou dwe ale an-pèsonn nan biwo administrasyon lekòl pitit ou.

Pou kreye yon kont Paran Portal Focus, vizite sit https://browardschools.focusschoolsoftware.com/focus/auth/.

1. Konekte sou kont Paran Portal Focus (Focus Parent Portal account).
   a. Seleksyone **Applications**.
   b. Available Applications ap parèt otomatikman sou ekran an.
   c. Klike sou **Start**. *Se sèl premye moun ki kontak otorize sou Focus kap kapab wè tab (onglè) aplikasyon. Si ou pa wè aplikasyon an, mande premye kontak konekte epi otantifye li kòm itilizatè sou kont Paran Portal Focus li, epi kontinye, oswa kontakte ofis lekòl la pou mande mete ajou enfòmasyon kontak ou.*



2. Premye paj fòm la ap parèt sou pwochenn ekran an.
   a. Seleksyone lang prefere pou fè lekti Paran ak Elèv Akò Itilizasyon/*Parent and Student Use Agreement*.
   b. Klike sou bwat seleksyon pou konfime ou dakò.
   c. Endike chwa ou, itilize flèch ble menu dewoulan.
   d. Klike pou siyen epi yon ekran ap parèt pou mete siyati ou.



Pwogram Laptop pou Chak Elèv

Gid pou Paran fè Chwa – Akò Aparèy Distribye


3. Itilize yon mouse (sourit), dwèt, oswa stylus pou mete siyati ou. Apresa, klike sou **Sign**.




4. Klike sou bouton koulè wouj **Save** (Sovgade) anwo fòm la.



5. Klike sou **Submit**. (Soumèt)



6. Ou dwe klike sou bouton koulè vèt **Confirm** (konfime) pou remèt seleksyon ou.



7. Paran elèv oswa responsab elèv, ki chwazi patisipe nan pwogram Laptop distribye bay chak elèv, dwe fè chwa li, lè li konplete fòm **1:1 Device Issuance Agreement** (Akò Aparèy Distribye) nan kont Paran, *Focus Parent Portal.* Paran konplete fòm la pou *chak* elèv.